**दिन–शनि** **दिनांक–23.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति इंटरमीडिएट कँ परीक्षा परिणाम जारी कऽ देलक अछि। पटनाक तुषार कुमार कला संकाय मे चारि सय बिरासी अंकक संग प्रथम स्थान प्राप्त कयलनि अछि। ओतहि, सीवानक मृत्युंजय कुमार विज्ञान मे चारि सय एक्कासी अंकक संग प्रदेशभरि मे पहिल स्थान प्राप्त कयलनि अछि आ शेखपुराक प्रिया कुमारी वाणिज्य मे चारि सय अठहत्तरि अंक प्राप्त कऽ पहिल स्थान प्राप्त कयलनि। बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक अध्यक्ष आनन्द किशोर जनौलनि जे साइंस मे सत्तासी दशमलव आठ, आर्टस् मे छियासी दशमलव एक पाँच आ कॉमर्स मे चौरानवे दशमलव आठ–आठ प्रतिशत विद्यार्थी सफल भेलाह अछि। सारण के सिमरन गुप्ता आ सीतामढ़ीक वरूण कुमार विज्ञान मे संयुक्त रूप सँ दोसर जखनकि गोपालगंजक प्रिंस कुमार तेसर स्थान पर छथि। कला संकाय मे पटनाक निशी सिन्हा दोसर आ तन्नु कुमारी तेसर स्थान प्राप्त कयलनि। ओतहि, वाणिज्य मे पटनाक सौरभ कुमार दोसर आ प्रवीण कुमार तेसर स्थान प्राप्त कयलनि अछि। एम्हर, बोर्डक अध्यक्ष कहलनि जे एकतीस मार्च धरि मैट्रिक परीक्षाक परिणाम सेहो जारी कऽ देल जायत।

---

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई कदाचार मे लिप्त होयबाक आरोप मे देशभरिक बीस संबद्ध विद्यालय सभक मान्यता रद्द कऽ देलक अछि। सीबीएसई के एक अधिसूचना मे जनाओल गेल अछि जे बोर्डक औचक निरीक्षण मे परीक्षा नियम सभ के अनदेखीक शिकायतक पुष्टि भेल आ एहि विद्यालय सभ मे कतेको विसंगति पाओल गेल। सीबीएसई ई सेहो कहलक जे ई स्कूल डमी छात्र आ अयोग्य उम्मीदवार सभ के परीक्षा मे सम्मिलित करब एहेन विभिन्न कदाचार कऽ रहल छल आ रिकॉर्ड ठीक सँ नहि राखि रहल छल।

---

भारतीय जनता पार्टीक केन्द्रीय चुनाव समितिक महत्वपूर्ण बैसक आइ नव दिल्ली स्थित पार्टी मुख्यालय मे आयोजित कयल जायत। बैसक मे लोकसभा चुनाव के लऽकऽ पार्टी अपन उम्मीदवार सभक पाँचम लिस्ट पर विचार–विमर्श करत। एहि बैसक मे बिहारक सत्रह

संसदीय क्षेत्रक लेल पार्टी प्रत्याशी लोकनिक नाम पर सेहो विचार कयल जायत। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा, गृहमंत्री अमित शाह, राज्य चुनाव समितिक सदस्य आ पदाधिकारी सेहो बैसक मे सम्मिलित होयताह।

————————————————————————

चुनाव आयोग लोकसभा चुनाव मे मतदान प्रतिशत बढेबाक लेल कतेको विशेष कार्यक्रम चला रहल अछि। लोकसभा चुनाव मे अठारह सँ उन्नैस वर्षक आयु के लगभग एक करोड़ अस्सी लाख युवा पहिल बेर मतदान करताह। आयोग पहिल बेर मत देबएवला युवा सभ के प्रोत्साहित करबाक लेल 'आइ वोट फॉर श्योर' सोशल मीडिया अभियानक प्रारम्भ कयलनि।

————————————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ लोकसभाक पूर्व अध्यक्ष मीरा कुमार घोषणा कयलनि जे ओ एहि बेर लोकसभा चुनाव नहि लड़तीह। पाँच बेरक सांसद श्रीमती कुमार संसद मे सासाराम निर्वाचन क्षेत्रक कतेको बेर प्रतिनिधित्व कयलनि। ओ अपन सोशल मीडिया हैंडल सँ चुनाव नहि लड़बाक घोषणा कयलनि। मानल जा रहल अछि जे श्रीमती कुमार बिहार मे विपक्षी गठबंधनक मध्य सीटक बंटवाराक वर्तमानक स्थिति सँ प्रसन्न नहि छथि।

————————————————————————

उपेन्द्र कुशवाहाक नेतृत्ववला पार्टी राष्ट्रीय लोक मोर्चाक प्रदेश अध्यक्ष रमेश कुशवाहा पार्टी छोड़ि देलनि अछि। श्री कुशवाहा अपन पत्नी विजयलक्ष्मी कुशवाहा आ आन समर्थक लोकनिक संग आइ जदयू मे सम्मिलित भऽ गेलाह। पटना स्थित जदयू कार्यालय मे आयोजित समारोह मे जदयूक वरिष्ठ नेता आ मंत्री विजय चौधरी हुनका पार्टीक सदस्यता दियौलनि। विजयलक्ष्मी कुशवाहा के सीवान लोकसभा सीट सँ जदयूक उम्मीदवार बनाओल जा सकैत अछि।

————————————————————————

कृतज्ञ राष्ट्र आइ भगत सिंह, सुखदेव आ राजगुरू कैँ हुनक शहादत दिवस पर स्मरण कऽ रहल अछि। एहि अवसर पर देश आ प्रदेश मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। राजधानी पटना मे कारगिल चौक पर भगत सिंह के प्रतिमा स्थल पर राजकीय समारोह आयोजित कयल गेल जतऽ जिलाधिकारी शीर्षत कपिल अशोक सहित कतेको गणमान्य लोकनि शहीद–ए–आजम भगत सिंह के प्रतिमा पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। ओतहि, आइ

महान स्वतंत्रता सेनानी आ प्रखर समाजवादी चिंतक डॉक्टर राम मनोहर लोहिया के सेहो जयंतीक अवसर पर पटनाक लोहिया उद्यान मे आयोजित राजकीय समारोह मे जिलाधिकारी आ अन्य गणमान्य लोकनि हुनक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।